



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/2/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$3 MILYON DOLA POU AMELYORE AKSÈ RIVYÈ HUDSON AK PWOTEKSYON ANVIWONMANTAL

Finansman ap ede Kominote Estyè Hudson River amelyore kalite dlo epi ogmante rezistans pou tanpèt

Kalandriye Aksyon pou nouvo Estyè Hudson River ap gide restorasyon kontinyèl rivyè a, ankouraje jesyon anviwonmantal

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$3 milyon nan prim sibvansyon pou nouvo pwojè kap ede kominote yo amelyore aksè lwazi, pwoteje kalite dlo, konsève espas lib, ak ogmante rezistans tanpèt nan basen vèsan Estyè Hudson River. Yo te atribye yon total \$1.76 milyon nan sibvansyon pou Estyè Hudson River pou 36 pwojè. \$1.25 milyon dola anpis kounye a disponib pou òganizasyon ak minisipalite yo ki aplike atravè Demann pou Aplikasyon. Delè limit pou [RFA yo](#) se 30 Jen 2016.

“Hudson River jwe yon wòl enpòtan nan istwa rakonte New York e li te ede bati ekonomi eta ansanm avèk pwòp idantite l,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa ap ede pwoteje vwa navigab sa ke yo ancheri ansanm avèk kominote avwazinan yo, ansanm avèk pou kreye plis opòtinite lwazi ke Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo pwofite pou ane kap vini yo.”

Komisyonè pa Entèrim Depatman Konsèvasyon Anviwonman Basil Seggos te deklare, “Travay avèk kominote lokal yo, gwoup anviwonmantal ak òganizasyon sivik yo, New York te amelyore nan fason enpòtan sante anviwonman nan Estyè Rivyè Hudson. Gouvènè Cuomo te fè investisman enpòtan pou pwoteje rivyè a, kreye nouvo aksè lwazi ak sa ki amelyore ak renove rezistans kominotè, sa ki te pèmèt nou reyalize potansyèl vwa navigab istorik sa a.”

Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, Bidjè Eta 2016-17 la gen ladan Fon Pwoteksyon Anviwonman istorik \$300 milyon. Finansman san parèy sa ap ogmante pwogram Estyè Rivyè Hudson ak ede kominote yo fè planifikasyon ak rechèch oswa mete sou pye pwojè pou reyalize objektif *Kalandriye Aksyon Estyè Rivyè Hudson 2015-2020.*

Nouvo Kalandriye Aksyon Estyè Rivyè Hudson ki soti a gen ladan yon kantite pwojè ak pwogram pou konsève oswa amelyore: dlo pwòp; rezistans kominotè; eko-sistèm enpòtan estyè a; lapèch, lafon ak abitat yo; panorama natirèl; ak aksè a rivyè ansanm avèk edikasyon. Pou w gade Kalandriye Aksyon an ak pou konplete detay sou nouvo sibvansyon finansman, tanpri vizite: www.dec.ny.gov/lands/4920.html.

Sibvansyon ke yo te bay a Estyè Rivyè Hudson detaye anba:

Prim Sibvansyon Planifikasyon Jesyon Lokal

Rezistans

Vil Orangetown (Konte Rockland) – \$50.000 dola

Planifikasyon ak plan konsepsyon ap prepare pou ranplase yon kanivo ki pa gen gwo nòm nan 400 NYS Route 303, Orangeburg, ki pote Sparkill Creek ak drenaj ki soti nan wout 303 ak zòn avwazinan yo. Plan jesyon an ap gen ladan anlèvman yon estasyon ponp ki deteryore ak abandone nan krik la ki bloke ekoulman kouran dlo a, nan fason pou redwi inondasyon kap rive pandan gwo lapli.

Pace University (Konte Westchester) – \$48,520

Pace University ap devlope yon plan jesyon adaptif pou priorize bezwen antretyen kanivo a nan basen vèsan Pocantico pou amelyore drenaj ak redwi inondasyon pandan gwo tanpèt. Yap devlope yon evalyasyon sou “kijan-pou” gide pou kanivo a ak priorite pou itilizasyon lòt sou-basen vèsan yo. Pwojè sa ka ede rekonekte tou American eel habitat nan basen vèsan Pocantico, ansanm avèk pou bay benefis pou abita twit ak anfi.

Depatman Planifikasyon Konte Schoharie (Konte Schoharie) – \$40,000

Depatman Planifikasyon Konte a ap etidye apeprè 6.75 kilomèt yon afliyan anonim ki koule nan Franklinton Vlaie, epi idantifye solisyon pou kouran dlo a koule ak difikilte abitat ki rive prensipalman nan yon seksyon 1,200-pye kouran dlo kote li kwaze Woods Road ak soti nan Franklinton Vlaie. Konte a pral devlope plan ki gen ladan estimasyon depans ak etap pou amelyore sante kouran dlo ak redwi obstak yo. Pwojè a ap benefisye espès yo ki gen anpil bezwen nan Konsèvasyon an, enkli American Eel ak heritage Brook Trout, sa ki redwi egalman inondasyon lokal.

Vilaj Voorheesville (Konte Albany) - \$17.000

Vilaj Voorheesville ap fè yon analiz idwolojik nan basen vèsan Vly Creek pou bay done ki pral ede redwi inondasyon ak ewozyon nan kouran dlo bank lan. Pwojè a ap benefisye twit spawning ak American Eel sa kap redwi egalman inondasyon lokal.

Village of Rhinebeck (Konte Dutchess) – \$12,750

Yon evalyasyon sou Vilnerabilite ak Plan Adaptasyon Lokal ap devlope pou sistèm dlo Rhinebeck pou idantifye aksyon adaptasyon vilaj la te ka mete sou pye nan lavni pou ogmante rezistans sistèm konsomasyon dlo ak izin tretman apati onn tanpèt ak elevasyon nivo lanmè (SLR). Sistèm admisyon an, aksè wout, estasyon ponpaj ak izin lan ap eleman nan etid la.

Vil Red Hook (Konte Dutchess) – \$12,750

Vil Red Hook ap analize done sou kanivo basen vèsan Saw Kill ke Inivèsite Cornell te kolekte, NYS Water Resources Institute ak DEC pou devlope yon lis dis kanivo priorite

pou ranplasman ki pral enkli nan efò planifikasyon kapital vil la. Planifikasyon konsepsyon ak estimasyon depans pou renove ak/oswa raplase kanivo ap devlope egalman. Plan ki vize pou amelyore idwolik ak retire obstak akwatik nan basen vèsan ap benefisyè American Eel ansanm avèk lòt koneksyon pou òganis akwatik yo, pandan egalman lap redwi inondasyon lokal.

Enfrastrikti Vè

Vassar College (Konte Dutchess) – \$50,000

Vassar College ap devlope yon pwojè pilòt ki pare pou kòmanse nan etab letye Vassar pou demontre pratik enfrastrikti vè a kolèj kominotè ansanm avèk vizitè yo. Plan an ap santre sou renove etab letye Koperativ Anviwonmantal, wout kap kondwi nan sit la, espas estasyonman ki toupre etab yo ak sit Pwojè Fèm Poughkeepsie.

Riverkeeper, Inc. (Konte Westchester & Konte New York) – \$50,000

Riverkeeper ap katografye zòn drenaj debòdman egou Konbine zòn nan ansanm avèk longè rivyè Harlem nan Manhattan ak Bronx pou amelyore jesyon dlo lapli ak kalite dlo nan basen vèsan Rivyè Harlem. Riverkeeper ap idantifye tou lokasyon kote yo ka itilize enfrastrikti vè pou kaptire dlo lapli.

Vilaj New Paltz (Konte Ulster) – \$45,000

Vilaj New Paltz ap evalye fezabilite enfrastrikti vè nan espas piblik yo kote gen pwoblèm ki gen rapò avèk dlo ak kote yo planifye amelyorasyon enfrastrikti. Pwojè a gen ladan tou edikasyon ak sansibilizasyon entèvenan minisipal ak kominotè.

Basen Vèsan

Riverkeeper (Konte Dutchess ak Orange) – \$50,000

Riverkeeper ap kowòdone aktivite nan Alliance Basen Vèsan Walkill River nan konte Orange ak Ulster, e lap fè patenarya avèk Alliance pou devlope pwotokòl yo ak pi bon pratik pou mezire endikatè bakteri matyè fekal, eleman nitritif ak algae nan basen vèsan Hudson River. Pwojè a ap amelyore kontwòl kalite dlo epi asire konsistans nan done yo.

Bard College (Konte Dutchess) – \$49,950

Bard College ap fè yon etid pou l evalye enpak antretyen ak reparasyon, anlèvman pasyèl oswa retire tout baraj nan Lower Saw Kill. Baraj la sou Wiso Saw Kill se yon obstak koni pou koneksyon akwatik pou American Eel, yon espès ki gen anpil bezwen nan Konsèvasyon an.

Hudson River Watershed Alliance (Konte Orange) – \$38.952 dola

Hudson River Watershed Alliance ap bay yon demonstrasyon sou bidjè dlo ak ekoulman katografik nan basen vèsan Quassaick Creek ki ka repwodui pa lòt gwoup basen vèsan ak minisipalite yo toupatou nan Basen Vèsan Hudson River pou ede jere ak pwoteje kouran dlo ansanm avèk lòt resous dlo, kontwole disponibilite dlo, ekoulman kouran dlo ak itilizasyon dlo nan lontèm.

Hudson Valley Arts and Science (Konte Westchester) – \$25.752

Hudson Valley Arts and Science ap karakterize ak katografye kalite dlo, ekoloji lapèch ak karakteristik ekoulman sou tout longè Sing Sing Kill, pou lokalize lòt sous egou ak idantifye obstak pou migrasyon pwason. Óganizasyon an ap enstale tou yon kalib kouran dlo pou kolekte done sou ekoulman ak etap, e li pral kreye siyal piblik sou rezilta li yo.

Pace University (Konte Westchester) – \$10,047

Pace University ap travay avèk Teatown Lake Reservation pou kreye yon baz evalyasyon abita nan basen vèsan Pocantico pou enfòmè pwochen desizyon jesyon yo epi evalye pwopozisyon pwojè a pa Pocantico River Watershed Alliance, Pocantico River Watershed Conservancy, ak minisipalite lokal yo nan basen vèsan.

Envantè Resous Natirèl (NRI)

Vil Pound Ridge (Konte Westchester) – \$24.501

Vil Pound Ridge ap renove envantè resous natirèl li (NRI) pou l ajoute yon envantè sit devèsman anbatè, yon posib sous polisyon ak yon etid abitat zòn nan vil la nan limit estyè Rivyè Hudson. Pwojè a ap gen ladan fòmasyon, edikasyon ak aktivite sansibilizasyon.

Vil Hudson (Konte Columbia) – \$20,000

Vil Hudson ap pwodui yon envantè resous natirèl ak plan konsèvasyon (NRI) pou gide desizyon itilizasyon teren yo. Yap itilize NRI pou revize òdonans zonaj ki egziste deja pou ede konsève espas vè, redwi dlo lapli, ankouraje strateji enfrasitriki vè (ki baze sou lanati), pwoteje espas lib ak resous istorik yo, ak pou devlope teren vid ak zòn endistriyèl yo.

Peyizaj

Vil Hyde Park (Konte Dutchess) – \$17,000

Vil Hyde Park ap mete ajou kòd zonaj li nan afine zòn yo ki gen ladan distri senik ak revètman istorik ki te etabli pandan yon pwosesis planifikasyon konpreyansif ki te fèt nan ane 1990 yo. Vil la ap kreye yon kat egzat sou zòn règleman yo sa ki pral klarifye restriksyon ki aplike nan chan vizyon enpòtan yo.

Prim Sibvansyon Edikasyon ak Aksè Rivyè

Aksè Rivyè

Hudson Valley Arts and Science (Konte Westchester) – \$100.000

Hudson Valley Arts and Science ap fini konsepsyon ak pèmi yon waf piblik nan Ossining, NY ki te modifiye pandan rekonstriksyon tèminal fery Metro North. Ekstansyon waf la ap bay yon plan adekat pou vizite bato istorik ak touris yo tankou Hudson River Sloop Clearwater, Half Moon, Amistad replica ak ansyen Hudson River Day Line.

Beacon Sloop Club (Konte Ulster ak Dutchess) – \$100,000

Beacon Sloop Club ap fini restorasyon ferry sloop Woody Guthrie pou l ajoute planchaj ak karenaj pati prensipal la, re-enstalasyon kabin ak kabin pilotaj, kalfetre, ak ranplasman platfòm. Woody Guthrie bay fòmasyon edikasyon gratis sou vwayaj lanmè sou Hudson River pou piblik jeneral la, gwoup lekòl ansanm avèk lòt òganizasyon lokal yo. Pwogram Beacon Sloop Club ap gen ladan tou pwogram fòmasyon sou kondwi bato avèk salklas ak fòmasyon abò, ak yon pwogram edikasyon anviwonmantal ivè pou manm ekipaj, ki gratis ak disponib pou piblik la.

Waterfront Alliance, Inc. (Konte New York, Brooklyn) – \$99,643

Waterfront Alliance ap devlope konsepsyon pou enfrastrikti bato ki aksesib piblikman nan sis sit nan nò Manhattan ak Brooklyn sou estyè Hudson River, nan limit oswa, avwazinan imedyat pou rive nan kominote jistis anviwonmantal yo. Sit yo ap gen ladan West Harlem Piers, East River Esplanade (Bobby Wagner Walk), Randall's Island, Transmitter Park, Bush Terminal Piers Park ak krik Bushwick. Sit aksè yo ap sèvi piblik jeneral la ansanm avèk gwoup edikasyon anviwonmantal, lekòl lokal ak òganizasyon jèn yo.

Downtown Boathouse – (Konte New York) – \$90,375

Pwojè sa ap amelyore aksè lwazi piblik pou Hudson River nan Manhattan avèk acha kano ansanm avèk lòt ekipman pou ogmante kapasite pwogram kanotaj gratis nan sit lansman popilè yo ki fonksyone pa Downtown Boathouse ak Manhattan Community Boathouse. Pwogram anplwaye-volontè sa yo ofri lwazi ak enstriksyon kanotaj pou moun tout laj, nivo egzèsis ak abilite fizik.

Seaport Museum New York (Konte New York) – \$53,153

Mize Seaport la ap modifiye pwogram nan pou l bay aksè a materyèl pou etidyan ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon kap patisipe nan yon pwogram ekoloji maritim. Mize a anseye prensip marin ekoloji pou elèv iben yo nan atelye entè-aktif salklas ansanm avèk vwayaj nan bato edikatif li, Pioneer. Mize a ap detaye tou adaptasyon apwòch ak kontni kou a.

Bard College Konte Dutchess) – \$44,744

Bard College ap fè yon etid sou fezabilite pou devlope yon plan daksè dirab pou amelyorasyon santye nan santye litoral Tivoli South Bay ki kapab konekte zòn jesyon Tivoli Bay Wildlife pou rive nan santye Bard College, kreye yon koneksyon dirèk nan pati sid la. Etid la gen ladan evalyasyon depans ak etap pou repare platfòm kannòt ak bato.

Vil Saugerties (Konte Ulster) – \$42,500

Vil Saugerties ap fè yon etid sou amelyorasyon litoral pou l evalye bezwen spesifik pou kreye aksè ansekirite ak klima rezistan nan litoral Hudson River nan Bristol Beach State Park. Etid la ap idantifye tou opòtinite edikasyon ak etabli yon plan pou relye santye yo.

Vil Marlborough (Konte Ulster) – \$40,000

Vil Marlborough ap fè yon etid jeni ak plan pou restore waf nan pati sid la nan Milton

Landing pou itilizasyon operasyonèl. Yon waf restore ap bay kapasite amaraj dlo fon pou pi gwo bato, ak amelyore opòtinite pou lwazi, touris ak edikasyon.

Yonkers Paddling & Rowing Club – (Konte Westchester) – \$25,078

Yonkers Paddling & Rowing Club ap renove ekipman ansyen li yo epi achte kayak anplis ak ram pou ogmante kapasite kayak piblik gratis li ak pwogram sansibilizasyon anviwonmantal ki lokalize nan JFK Marina ansanm avèk Park yo nan nò Yonkers. Klib zanviwon ak kayak ap amelyore tou pwogram edikasyon anviwonmantal li yo. Pwogram volontè a ki chita sou afilyasyon manm sèvi jèn yo ki soti nan zòn awwazinan jistis Anviwonmantal.

Harlem River Boat Club Inc. (Konte New York) – \$20,000

Pwogram Kominotè Harlem River Rowing ap ogmante aksè a bato sou Harlem River pou moun yo ki gen yon varyete kapasite fizik pou achte yon ranje kokiy uit plas ki pi leje ak yon ekstansyon modil kap ogmante kapasite syèj pou aprann kijan pou rame yon chalan. Lighter shell ap fè klas entwodiksyon yo vin pi atreyan ak aksesib, ak pou elaji chalan avèk kapasite pou pwogram gratis aprann-kijan-pou rame kap sèvi rezian ki gen revni fèb yo nan katye awwazinan yo.

Edikasyon Rivyè

Hudson River Park Trust (Konte New York) – \$100,000

Hudson River Park Trust ap elabore epi pwodui siyal edikasyon ki aksesib pou chèn woulant ke yo pral enstale sou litoral la toupatou nan Park la pou eksplike ekoloji estyè a ak istwa pou piblik la.

Depatman Park ak Lwazi Vil New York (Konte New York) – \$100,000

Depatman Park ak Lwazi Vil New York ap devlope yon pwogram edikasyon, jesyon ak sansibilizasyon pou jèn yo kap viv sou litoral nò Staten Island ki pral gen ladan prezantasyon edikasyon ekosistèm, chan aktivite ak opòtinite lwazi sou parklands Vil New York nan sid rivyè Hudson.

Vil Hudson (Konte Columbia) – \$91,780

Vil Hudson ap bati ak ekipe yon sant enfòmasyon riveren, Sant Edikasyon Estyè Everett Nack sou litoral vil la. Yap konstwi sant lan apati kontenè anbakman resikle e Hudson Sloop Club ak devlope ansanm avèk jere l. Elabore pou l ka aksesib pou moun tout kapasite, sant edikasyon an ap ofri aktivite afichaj ak eksperimantal, e li pral akeyi vizit edikatè anviwonmantal, syantis, manm kominotè ansanm avèk vizitè yo nan vil Hudson.

Media Alliance, Inc. (Konte Albany) – \$73,660

Media Alliance ap elabore yon laboratwa sitwayen edikasyon biyoloji syantis, Troy Citizen Science Center, nan etaj ki pi ba nan North Troy Art Technology ak Rechèch Iben nan Ekoloji (NATURE) bilding ki pral gen ladan salklas ak espas reyinyon, yon laboratwa mouye avèk yon akwaryòm ak yon laboratwa sèk avèk mikwoskòp. Sant lan ap òganize atelye travay ak laboratwa pou edike rezidan yo sou enpòtans, valè ak wòl estyè Hudson River nan eko-sistèm iben an. Media Alliance ap devlope tou yon sitwèb,

ak elabore ak enstale siyal milti-medya pou yon koneksyon pakou atistik.

Sarah Lawrence College (Konte Westchester) – \$64,990

Sant pou River Iben nan Beczak (CURB) ap planifye ak elabore pwojè demonstrasyon enfrastrikti vè ki baze sou lanati pou amelyore jesyon dlo lapli sou sit anplennè de kawotè li a. CURB ap kreye tou, siyal, fèy enfòmasyon, ak kontni sitwèb pou enfòmè piblik la sou dlo lapli ekoulman iben ak pwoblèm sou devèsman egou konbine (CSO) e li pral elabore yon plan kontwòl pou bay jèn yo opòtinite angajman ak syans sitwayen.

Konte Orange Water Authority (Konte Orange) – \$47,486

Orange County Water Authority ap dirije devlopman Jesyon Estyè a grasa pwojè edikasyon pou edike rezidan tout laj sou estyè a ansanm avèk resous natirèl li yo. Konte a ap elabore epi enstale kontwa enfòmasyon, devlope yon sitwèb ak aplikasyon medya sosyal, ak ofri vizit kayak. Pwojè a se yon kolaborasyon avèk Orange County Parks, Vil Newburgh, Vilaj Cornwall, Kolèj Kominotè Konte Orange, Clearwater, Black Rock Forest Consortium ak Storm King Adventure Tours.

The River Project, Inc. (New York County) – \$46,792

Pwojè Rivye a ap elabore, bati ak enstale siyal pandan tout pwojè Rivyè wet lab la pou edike vizitè yo sou eko-sistèm lan epi enplike yo nan jesyon ak konsèvasyon lafòn Harbor a ak mond natirèl la. Timoun ak granmoun tout laj ap konprann siyal yo, eksplike senpleman teyori syantifik konplike grasa imaj ak grafik.

Hudson River Sloop Clearwater, Inc. (Konte Dutchess) – \$32,557

Clearwater ap kreye yon sitwèb entè-aktif pou pwogram enpòtan komen Lapèch nan Rivyè Hudson ki pral ogmante kontni prensipal sou istwa, ekoloji ak jesyon Hudson River fish. Sitwèb la ap gen ladan videyo, kat, rechèch aktyèl, istwa natirèl, stati espès pwason ak konsèy sou sante.

Outstanding Renewal Enterprises, Inc. (Konte New York) – \$26,000

Sant Ansèyman Anviwonmantal East River Park ap achte nouvo ekipman edikasyon ak afiche sa ki pral gen ladan yon sistèm dlo sale akwaponik ki estoke espès yo nan estyè a. East River Park ap ofri tou nouvo atelye travay edikasyon pou piblik la ak gwoup lekòl, ansanm avèk elaji klinik lapèch piblik.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418